



Munamato unounza Shanduko

Mwari vanofara kana vana vachinamata
 “Jesu akati kwavari: Hongu, panoti: Miromo
 yavacheche navanomwa makakwanisa kukudza”
 “Mathew 21:16

Kune mamwe marambudziki ayo vana nevaduku,
 vasingafaniri kusangana nawo kunyanya
 mumaguta enyika dzichiri kukura: aya
 matambudziko anoshayisa vana mukana wokuva
 nemhuri inovada sezvaMwari vanotarisira.
 Munguva ino yekupemberera makore makumi
 maviri nerimwe echirongwa cheVhikendi
 Yemunamato Pasi Rose, ngatikokorodze vana
 vanosvika miriyoni imwe kuti vanyengetere uye
 nokuteerera kunaMwari kuti pagove neshandiko
 isingaperi

BATIRANAI NESU PAMUNAMATO...

Ishe Jesu,
 Batsirai mumwe nemumwe wedu kudzidzisa,
 kusimudzira, nokusimbisa vana pamusoro
 pekutaura nokuteerera imi mukunamata. Tipei
 mukana wokuratidza nezverudo nesimba renyu
 kuvana vari pakati pedu
 Uye vana vane upenyu hwakaoma ngavauye
 padyo nemi mumunamato vashumire imi kune
 vamwe vavo vakavakomberedza
 Ishe tidzidzisei kunamata, Amen

ZVIKONZERO GUMI SEI VHIKENDI YEMUNAMATO PASI ROSE ICHIFANIRA KUPAPO

1. Kwazvakatangira
 Viva yakatangira paminamato makore makumi
 maviri nerimwe apfuura
2. Kubatana
 Zvisinei nesangano ratinobata naro, tose
 tinongona kunamata – mune simba neshanduko
 mukubatira pamwe
3. Kuzvininipisa
 Zvinotibatsira kuzvideredza pasi paMwari
4. Donzvo
 Rinotipa kuziva matambudziko evana pasi rose
5. Matangiro
 Rinotipa simba nechinangwa chegore rinotevera
6. Zviduku Zvingaitwa
 Maitirwo azvo haanetsi – akareruka zvikuru
7. Maropafadzo
 Vanhu vanobatira pamwe, voisa moyo pazviri,
 zvounza shanduko
8. Mibatanzidzwa Yemakerekereke
 Munamato unobatsira kutanga pamwe
 nekukudza mibatanzidzwa iyi
9. Kutuma
 Regai vana vatitungamire
10. Kukokorodza, kukurudzira kusimbaradza
 Ita sezvaunonzwa kubva kuna Mwari

NDIMA DZEMUBHAIBHERI DZOKUSHANDISA

Ipapo mutumwa waShe wakavokekwa naye, amire kurudyi rweatari yezvinonhuwirira

Ruka 1:11

Pamiromo yevacheche navanomwa makaisa simba, nokuda kwavadzivi venyu, uti munyaradze muvengi nomutsivi

Mapisarema 8:2

Usakurumidza nomuromo wako, moyo wako urege kukurumidza kutaura shoko pamberi paMwari; nokuti Mwari arikudenga, iwe uri pasi, maizvozvo mashoko ako ngaave mashoma

Muparidzi 5:2

Zino mumwe mutumwa wakauya, akamira paatari, anomudziyo wendarama wezvinonhuwira; akapiwa zvizhinji zvononhuwira kuti azviise pamwe chete neminyengeterpo yavatsvene vose pamusoro oaritari yendarama yakanga iri pamberi pechigaro chovushe Vutsi bwezvinonhuwira bwukakwira pamberi paMwari bwuchibva muruoko rwomutumwa pamwe chete neminyengetero yavatsvene

Zvakazarurwa 8:3b, 4

Ipapo Jehova akauya akamira, akadana sapanguva dzimwe dzokutanga, akati, Samueri, Saueri! Samueri akati, Taurai henyu nokuti muranda wenyu unonzwa

ISamuel 3:10

Asi iwe kana uchinyengetera, pinda muimba yako yomukati. Kana wazarira mukova wako, unyengetere kuna Baba vako vanovona pakavanda vachakupa mubayiro pavanoonekwa navose

Mathew 6:6

Chii Chaungaita

Mienzaniso yemagungano akaitwa pamakore mashoma apfuura anosanganisira zvinotevera:

Italy: Vakava negungano raisanganisira minamoto yevana, nziyo dzekurumbidza, nhetembo, kutsanya, kupa rubatsiro uye kufora vachishambadza chiitiko ichi muguta.

Oxford, UK: Vakapinda Svondo usiku munzvimbo dzakasiyana siyana. (maererano nezvirongwa zvemunharaunda imomo, DzeSyria/Lebanon, Gaza/Palestine uye kuitwa kwevana mauto), zvikutwa nevana mukereke, nekuratidzwa kwemifananidzo.

Kansas, USA: Vakava neurongwa hwevana ve'pre-school' kusvika giredhi yesere vaisvika zana. Vakanamatira munzvimbo dzakasiyana siyana vana vechikoro vanatungamira pakupa rumbidzo, kuratidz mifananidzo yeVhikendi YeMunamoto vakapedza nokunamata pamwe

Mwanza, Tanzania: Vakava nezuva remunamatpo vakadya pamwe, vana vakaronga mapoka ekuimba, ezvemitambo, uge gungano remunamoto

Guduru, India: Vakava neminato, vakapinga svondo pamwe, vakava nechirongwa chimwe: Vakazodya pamwe pamusha unochengeterwa vana munharaunda yekereke yavo mushushure mokupinda svondo pamwe nokutsvaga rubatsiro rwekusimudzira kereke pamwe nokupa kudya kune vanotambura

Wan Chai, Hong Kong: Vakashumirana vakanamatira vana, vakava nesvondo pamwe vachiparidzira iri shoko kuburikidza nedzitiro reViva.

Zimbabwe, Harare: Van vakanamata vari mudzimba dzavo musi weMugovera vakazopinda svondo pamwe nokumata vari pamwe musi weSvondo

ENDA padzitiro rinoti www.worldweekendofprayer.com kuti uwane zvizere pane zvokushandisa zvinosanganisira zvinotevera:

- gungano pahindaneti rokudzidziswa kwevanoshanda pamwe nevatungamiri vekereke mariunge nokudzidziswa kunamata kwevana.
- Muenzaniso webhuku remunamoto revana rine mifananidzo yakaitwa nevana vachiedza kuburista nyaya yaHannah uyewo mifananidzo yematambudziko anosangana nevana
- Mukana wakakodzera wokunamata zvinogonesa vana kushambadzira mifananidzo yeminamoto mumavhiki ekuzosvika pachitiko ichi nomushure mazvo

Batanai nesu padzitiro redu refacebook rinoti facebook.com/WWPrayer kuti muone zvirikuitwa nevamwe

Chirongwa cheVhikendi YeMunamoto Pasi Rose chiitiko chinotwa pasi rose chichiitwa pavhikendi yokutanga mumwedzi waChikumi gore roga roga chichibatandiza zvuru nezvuru zvakuru navadiki munyika dzinopfuura makumi mana

Viva isangano rekubarsira nokuunza shan duko muupenyu hwevana kuburikidza nokushandira pamwe kwemapoka munyika makumi matatu nesere

powered by
viva
together for children